Маршо Радио

КЕРЛАНАШ

# Къилбаседа Кавказехь нах лецна бакъо йоцуш герз лелорна

Гезгмашин-бутт 14, 2026




Гайтаман сурт

Оьрсийчоьнан къайлахчу сервисаша дӀахьедина, бакъо йоцуш герзаш, лоьлхуьйтурш, кхинболу тӀеман гӀирс лелош хилла аьлла, шеконаш йолуш 111 стаг лацарах лаьцна. ХӀусамех хьийсина ишта Къилбаседа ХӀирийчохь а, Дагестанехь а, Адыгейхь а, ГӀебарта-Балкхаройчохь а, Кхарачой-Черкгазийчохь а. Лецначарех кӀорггера кхин хаамаш а, йа уьш бехке хиларх ладам болу тоьшаллаш а ницкъахоша ца далийна.

Официалан версица а догӀуш, герз доьхкина ца Ӏаш, бехкебечара ишта иза йуха кечдеш а хилла. Дерриг а къайлахчу сервисийн белхахоша схьадаьккхина: 300 топ, тапчанаш, автоматаш, 223 граната, 82,5 кила лоьлхуьйтурш, 92 эзар патарма а. 47 регионехь лецна нах, ишта Оьрсийчоьнан къилбехь а- Ростовн а, Волгоградан а кӀошташкахь а. И лецна нах вовшашца боьзна хилар а толлуш ду.

ФСБ-но Іорайаьккхина, шаьш и нах лоьцуш дІайазйина видео, цхьайолчу меттигашкахь ницкъ дуьхьал баккха а дезна церан. Видео тІехь гуш ду, дийцарехь, бехкебечу нахера схьадаьккхина ду боху герз, амма билггал и даьлла меттиг хууш бац. Цул совнах, талламаш дІахьочу йукъанна карийна ахча а, иштта хууш дац, мел ахча ду а, стенгара даьлла а. Лецнчу наха стенгара оьцуш хилла герз а, лоьхуьйтург а, йуха и цаьргара хьан оьцуш хилла а, ФСБ-но билгалдоккхуш дац.

- Боккхачу доьзалан да, Волгоградера контрактхо (документаш тІехь цуьнан цІе къайлайаьккхина йу) гІоьртира бакъо йоцуш герз а, лоьлхуьйтурш а лелийна аьлла долийначу гІуллакха тІехула шен лацар къовса. Цо дІахьедира, герз-муляж йара, ткъа дохка бина хилла барт- шайна вевзаш волу стаг забар йеш Іехон дагахь дина хІума дара аьлла. Кхело тІе ца ийцира и чІагІдарш. Оцу гІуллакхан карточка хааделира тхан редакцина.
- Дагестанера Хасав-Йуьрт гІалин кхело арахь йаккха хенаш кхайкхийра цхьана хенахь полисхой хиллачу Алиев Шемална а, Сайпулаев Рамзанна а, наркотикашца доьзначу гІуллакхна бехкке хеташ лаьцна йалийна зудчунна тІехь ницкъ барна. Цаьрца цхьана таІзар дина чоьхьарчу гІуллакхийн белхахочунна Ахмедова Майина а.

Керланаш

Маршо Радио © 2026 RFE/RL, Inc. Ерриг бакъонаш ларъйеш ю